# ЖАЗЫЎШЫ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА КӨРКЕМ ДЕТАЛЬДЫҢ ХЫЗМЕТИ

(Г.Есемуратова шығармалары мысалында)

**Турымбетов Байрамбай Қонысбаевич**

*Қарақалпақстан Республикасы Педагогикалық шеберлик орайы, Нөкис*

Ҳәр қандай эпикалық дөретпеде қаҳарманың ишки дүньясы менен жан ҳалатын, яғный психологиялық жағдайын ашып бериўге ҳәрекет етиледи.

Көркем шығарма көркем дөретиўшиликтиң барлық элементлери болған образ, характер, тип, сюжет, композиция, сүўретлеў қураллары, деталь т.б. керекли тәреплерин өз ишине жәмленип, сөз устасы тәрепинен ислеў берилип, оны түрли тәрептен бирлестирип бир пүтинликке алып келгенде ғана өз қунына ийе болады. Турмыслық ўақыя ҳәм ҳәдийселерди сүўретлеў, қаҳарман характерин шеберлик пенен ашып бериўдиң баслы белгилериниң бири – көркем сөз устасының усы элементлерден орынлы пайдалана алыў шеберлигине байланыслы.

Рус әдебияттаныў илиминде А.Б.Есин әдебий шығарманы анализ етиўге бағышлаған мийнетинде психологизмге былайынша тәрип береди: Психологизм – қаҳарманның ишки дүньясын көркем әдебият жәрдеминде сүўретлеў ҳәм раўажландырыў болып, оның пикирлери, кеширмелери, қәлеўлери, эмоционал ҳалатлары ҳәм басқалар болып, сүўретлеўдиң толықлығы, анықлығы ҳәм тереңлиги менен ажыралып турады [Есин А., 2000. – 56]. В.Е.Хализев "Әдебияттың психологиялық жағдайларға қызығыўшылығы биринши дәрежели" деп көрсетеди [Хализев В., 2004. – 195].

Өзбек әдебиятаныў илиминде Ҳ.Умуров өзбек прозасында психологизмниң принциплери менен формаларына тоқтап өтеди. [Умуров Ҳ., 2004. –49-55]. Әдебиятшы Э.Худайбергенов детальдың дәрежеси, әдебий шығарма идеясын қәлиплестириўдеги ўазыйпасы, образларды характерлеўдеги хызмети ҳаққында пикир жүргизеди [Худайбергенов Э., 2008, –102]. Әдебиятаныўға байланыслы өзбек тилиндеги сөзликлерде деталь түсиниги ҳәм олардың хызмети бойынша түсиниклер берилген [Қуронов Д., 2013. – 72.; Салаев Ф., 2010. – 62].

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде де базы сөзликлер менен әдебият теориясына байланыслы сабақлық ҳәм қолланбаларда көркем психологизм, детальға қысқа ғана мағлыўматлар берилген [Ахметов С., 1994. – 62].

Әдебияттаныўда көркем детальлардың сөйлеў деталы, ҳәрекет деталы портретлик деталь, предметлик деталь, психологиялық деталь, пейзажлық деталь, образлық деталь сыяқлы түрлери болып, олардың ҳәр бири өзине тән мәни ҳәм эмоционаллық жүкти көтереди.

Қаҳарманлардың санасындағы қарама-қарсылықлар ишки шым-шытырық ойлардың раўажланыўы (динамикасы) пейзажлық детальларды орынлы пайдаланыў арқалы және де тереңирек ашылып отырады. Г.Есемуратованың «Мыңда бир кеширим» повестиндеги жас нәўше қыз Айнагүлдиң муғаллим Сейтмураттан көретуғын азап-ақыретлери, болажақ кеўилсизликлер, оның ишки руўхый дүньясы азандағы қыраўлы күнге, думанлы аспанға, айнаға қатқан сықылсыз сүлдерлерге, үй-ишиниң салқынлығы ҳәм кеўилсизлигине усап қандай да ала-ғулаға түсе баслайды. Жазыўшы сол күнги ҳаўа райы ҳәм үй-ишиндеги ҳалаттың қолайсызлығы арқалы Айнагүлди мектепте күтип турған кеўилсизликлер, "қызыл муғаллим"нен еситетуғын жөнсиз кемситиўлерин, көркем детальлар арқалы тымсаллап, қаҳарманның жан дүньясындағы ишки арпалысларды, кеўил-күйи, жағдайы, кейпиятын усындай пейзажлық деталлық сүўретлеў усылы арқалы жеткереди. Қаҳарманның бундай ҳалатлары "күнди думан басыў" деталы жәрдеминде де берилген.

Жазыўшының «Мыңда бир кеширим» повестинде образлы-психологиялық детальларды көплеп ушыратыўға болады. Бундай деталь сыпатында Айнагүлдиң оқыўға барарда кийетуғын ботинкасы алынған. Ботинканы ҳәр күни кийерде, шешерде оның қонышы бойлап байланған баўлары жалықтырып жибереди. Усы ботинканың баўларының өзи образлық сыпатқа ийе. Ботинка сондай шебер тигилген, ол қанша тоздырыўға урынбасын, ҳеш сөтилмейди. Ботинканың баўларын шешиўдиң өзи сол дәўирдеги мәмлекеттиң адамзатты, пүткил жәмийетти ботинканың баўы сыяқлы шырмап алған сиясатының сырлы, жумбақлы тәреплерин шешиўдиң, түсиниўдиң қыйын екенликлери менен тығыз байланысып кеткен.

"… Бүгин де Айнагүл:

– Усы ботинкам қашан тозар екен, – деп тоңқылдай баслады. Бул сирә өзимди тоздырып, тозар – деп ботинканы есикке зыңғытты" [Есемуратова Г., 1995. – 28]. Мине, ботинканың кийилиўи баўының шешилиўиниң қыйынлығы, жасап турған жәмийеттиң, турмыстың түсиниксиз қараңғы, жумбақ тәреплерин шешиўдиң қыйыншылығы менен байланыслы психологиялық роль атқарған.

«Гөнерген сүренлер» повести психологиялық бағдарда дөретилген шығарма есапланады. Шығарманың атамасының өзи предметлик деталь хызметинен образлы-психологиялық деталь хызметине өткен. Повестьте ағайин апасы себебинен зорлыққа ушырап, намысы бузылған Санаўардың сол XX әсирдиң соңында ҳәм көриниси, ҳәм әҳмийети жағынан гөнерип баратырған сүренлерге шағыныўлары, керисинше бул сүренлер астында сол дәўирдиң алдаўшылық, бир адамға сыйыныўшылық сиясатының құрбанына айланған бийгүна, пәк қыздың психологиялық кеширмелери шеберлик пенен

сүўретленген. Повестьте образлы деталь арқалы қаҳарманның бундай аўҳалға түсиўинин себеби ашып берилген.

«Бир ўақытта есик қағылды.

– Кимсең? – деп сорадым.

– Мен, Жеңгей бир тапсырма берип еди, соны питкерип киятырман,-деген қундыз малақайлы жигиттиң даўысын таныдым.

– Өзлери үйде жоқ, ертең келерсең ямаса соңырақ кел, кеште өзлери келеди, – деп есикти ашқым келмеди.

– Ертеңге қалдыратуғын жумыс емес, сен-ақ алып қала бер, қайтып әкетиўге болмайды, мени келди дерсең, – деп сөзин жумсартқан соң, аңқ етип есикти аша салдым» [Есемуратова Г., 1995. –78].

Жазыўшы адамзаттың бундай ўақыяны айтып бериўине сөз табыўы қыйын болған ең нәзик, бирақ қопал көринетуғын ўақыяларды «ертеңге қалдырып болмайтуғын Жумаханның тапсырмасы» деталы арқалы үлкен шеберлик пенен сүўретлейди.

Жазыўшының «Жийрен» повестиниң «Жийренниң қосқа қосылыўы» деп аталған бөлиминде адамды ериксиз ўақыялар ишине алып киретуғын, көз алдында жанлы болып атырғандай сезетуғын бир сюжетлик ўақыя бар. Әдебиятшы И.Утеўлиевтың детальлық сүўретлеўдиң әжайып көриниси ҳаққындағы «Қосқа қосылыў» деталы қурбан болған жаслықтың, қос пенен бирге жерге көмилген неше-неше арзыў-үмитлердиң символы. «Қосқа қосылып атырған Жийрендей әреби аттың бир өзи еместей! Оның менен қосыла барлық жер үстиндеги гөззаллық атаўлысы, ең жақсы үмитлер қосқа қосылып, жегилип атырғандай. Жазыўшы ўақыяларды усылай улыўмаластырыў арқалы конкрет идеяны алдымызға жайып салады» [Утеўлиев И., 1993. – 97], – деген пикирине қосылыўға болады.

Жазыўшының «Қара пышықтың ылайсаңы» гүрриңинде де «қара пышық» деталы гүрриң қаҳарманларының психологиялық ҳалатларын шебер сүўретлеўде шебер қолланылған. Гүрриңде Есен ағаның қылықлары ерсили түйилгени менен жазыўшы қара пышықтың образына әҳмийетли социаллық ҳәм турмыслық мәселени жүклеген. Бул гүрриңдеги қара пышық әпиўайы пышық емес. Жазыўшы қара пышық деталы арқалы белгили бир дәўирдиң жүгин алып кирип ғамхоршысы, сүйениши жоқ әззи инсанлардың намысына тийип аяқ асты еткен айырым унамсыз типтеги нызам қорғаўшылардың ҳақыйқый келбетин ашып береди. Предметлик деталларда реңлерди символ сыпатында пайдаланыў жазыўшының айтажақ ойы, идеясы менен байланысып кетеди. «Қара пышықтың ылайсаңы» гүрриңинде пышықтың қара реңде сүўретлениўинде үлкен мәни бар. Себеби, көпшилик қара пышықты бахытсызлық белгиси сыпатын да ырым етеди.

Жазыўшы предметлик деталлардан кийимлерди деталь сыпатында қолланғанын көриўге болады. «Гөнерген сүренлер» повестинде автор директор жигитке ат қоймай, оны «қундыз малақайлы» деп атайды. Деталь жәрдеминде директор жигиттиң жүзегөй, қәлбеки инсан образын көрсетиўде қолланған. Малақай сөзликлерде «шляпа» – жәрдем яки қәлбеки авторитет символын сүўретлейтуғын образ сыпатында берилген. Яғный, бас кийим ийесине социаллық имидж, соның ишинде ҳүрмет, жоқары мәртебелиликти билдиреди делинген [Энциклопедия. 1999. – 538-539]. «Гөнерген сүренлер»деги «қундыз малақай» социаллық жақтан бардамлы, пулдар, ҳәмелдар, лекин жүзегөй адам белгиси сыпатынды сүўретгенген.

Жуўмақлап айтқанда, Г.Есемуратова шығармаларында көркем детальлар жәрдеминде инсан руўхыяты, ишки кеширмелери, күйинишлери менен сүйинишлер, қаҳарманның санасындағы қарама-қарсылықлар, жан дүньясындағы өз-өзи менен айқасыўлары менен арпалыслар, өмир жолындағы гүреслери шын мәнисинде көркем сүўретлениўин тапқан. Қаҳарман психологиясы, инсан руўхыяты, дәўир келбетин көркем сәўлелендириўде сөйлеў деталларын образлы психологиялық түрде, ҳәрекет деталларынан ўақыя-ҳәдийдийселерди сүўретлеўде, предмет деталларынан символикалық түрде қолланған.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**


1. Есин А.Б. Принципы и приемы анализа литературного произведения: Учебное пособие. – 3-е изд. – М.: Флинта, Наука, 2000

2. Хализев В.Е. Теория литературы: Учебник. – 4-е изд., испр. и доп. – М.: Высш. шк., 2004

3. Umurov H. Adabiyotshunoslik nazariyasi: Oliy o‘quv yurtlari uchun darslik / Mas’ul murarrar: B.Valixo‘jayev. – T.: A.Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 2004

4. Худайбергенов Э. Адабиётшуносликка кириш. – Т.: Шарқ, 2008

5. Қуронов Д., Мамажанов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Т.: Академнашр, 2013,

6. Салаев Ф., Қурбониёзов Г. Адабиётшунослик атамаларининг изоҳли луғати. – Т.: Янги авлод, 2010

7. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Н.: Билим, 1994

8. Утеўлиев И. Жан даўысы. – Н.: Билим. 1993

9. Энциклопедия символов, знаков, эмблем. Составитель В. Андреева и др. – М.: Локид; Миф. 1999

10. Есемуратова Г. Шығармалары. I том. – Н.: Билим, 1995.